



Fason pou Prete Yon Aparèy Mobil

ETAP 1: ASIRE LI

SECURRANTY

Pou pwoteje aparèy ou a, nou ankouraje w achte yon plan asirans pou aparèy la. Distri a anile frè teknoloji pou elèv ki achte plan asirans atravè 'Securranty.'



<https://securranty.com/dadeschools>

Konfime ak lekòl ou a ki modèl aparèy mobil ki disponib.

Chwazi yon modèl, yon plan ki disponib ak lòt opsyon adisyonèl epi klike sou "Add to cart" (Ajoute nan panyè a)

Ranpli enfòmasyon sou adrès, bòdwo ak metòd peman w epi klike sou "Complete Purchase" (Konplete Acha)

ETAP 2: KONLETE PWOSESIS LA

Paran yo ap bezwen siyen fòm "Mobile Device Agreement" (Akò pou Prete Aparèy Mobil la). Yon fwa yo siyen akò a, lekòl la ka remèt elèv ou a aparèy la.



<https://innovationschoolchoice.com/mobile-device-agreement/>

Antre nimewo idantifikasyon elèv la epi klike sou 'LOOKUP'. Lè ou jwenn non elèv la, klike sou lyen "View policy here" ki nan bwat vèt la.

Revize epi desann anba paj la pou aksepte e ranpli fòm nan epi klike sou bouton "SUBMIT" (SOUJÈT) la.

ETAP 3: AL CHÈCHE LI

Elèv yo ta dwe kontakte biwo direksyon lekòl yo epi mande pou yo pale ak Jesyonè Pwopriyete lekòl la. Jesyonè a ap ka verifye si yo te peye plan asirans la (nou ankouraje w pote prèv plan asirans la jis pou akselere pwosesis la) e an menm tan si ou te siyen kontra aparèy mobil la! Pran aparèy ou a ak chajè batri a.

Pa bliye pou w konekte yon fwa nan lekòl la anvan ou pote aparèy la lakay ou!

ETAP 4: KONFIME EPI PRAN L ALE LAKAY OU

Yon fwa ou verifye aparèy ou a, ou pral resewa yon resi atravè imel elèv ou. Konfime aparèy yo ba ou a koresponn ak enfòmasyon ki sou resi a epi kenbe resi sa a nan imèl ou kòm yon dosye sou aparèy ou prete a si li ta pèdi, yo vole l, oswa li domaje. Elèv yo kapab konekte tou nan Sistèm Jesyon Pwopriyete Distri a ki rele: 'IncidentIQ' pou tcheke sou nenpòt aparèy yo resewa.



<https://dadeschools.incidentiq.com/>